


CHECHI YAKANYENGERWA, NENYIKA

 Jesu Kristu, Mwanakomana waVo, uye vakatipa zvinhu zvose pachena muna Kristu. TinoKutendai, Ishe, nemikana yatakapihwa neChibairo chikuru ichi chatakapihwa naJesu paKarivhari, kuti chakatiyananisira zvakare mukuyanana uye nekuwanirwa nyasha neMi, kuti tive nenyaradzo iyi yekuziva kuti zvakanyorwa kuti, “Kana mukagara maNdiri, uye Mashoko aNgu ari mamuri, munogona kukumbira chero zvamunoda, uye muchazviitirwa.” Zvino, tinotenda nokuda kweizvi, uye tinonamata kuti Mugotipa kutenda kuti tizvitende nezvose zviri matiri.

² Zvino ngatiise parutivi, Ishe, kushingaira kwose kwezuva, zvinetswa zvese zvehupenyu huno, pana vose kubva kune muchengeti wenzvimbo ino kusvika kumufundisi, kuti parege kuva nechinhu mundangariro dzedu zvino, asi timirire, tichiterera noruremekedzo kuti Mweya Mutsvene utaure kwatiri, kuti tigoita chimwe chinhu chakanaka, kuziva zvakawedzerwa pamusoro peNyu, nekuungana kwedu pamwe chete. Nokuti, Ishe, zvirokwazvo ndicho chikonzero tauya pazuva rino riri kupisa. Taurai kwatiri kubudikidza neShoko reNyu benyu, uye muite kuti Shoko benyu rigare matiri uye rive riri matiri, kuti tiumbwe nokuiswa muchimiro, kwete kunyika, asi tishandurwe nokuvandudzwa kwemweya wedu, muchimiro choMwanakomana waMwari. Oo, mwoyo yedu inodendera patinofunga, uye mufaro unofashukira mumweya yedu, kuziva kuti tinogona kudaidzwa kuti vanakomana nevanasikana vaMwari. Takamira pamuganhu chaiwo weKuuya kwaKe kwechipiri, uye marudzi ose nehumambo hwose zvichidedera pasi petsoka dzedu, zvinhu zvose zvenyika zviri kunyangadika, asi tichiziva kuti rimwe zuva Achauya uye achatiendesa kune humwe Humambo uko kusingazombovi nemagumo, kana kuti, hausi kuzombozunguzwa. Uye kufunga kuti isu tiri zvino vagari—vagari veHumambo ihwoho! O Mwari, dzingisai mwoyo yedu nenzeve nhasi, no—noMweya Mutsvene, kuburikidza nokushambidzwa nemvura yeShoko. Nokuti tinozvikumbira muZita raKe uye nokuda kwekubwinya kwaKe. Amen.

³ Ndinoshuva kutaura pamusoro pechidzidzo mangwanani ano. Nokuti, ndanga ndiri kuzotaura pamusoro pechimwe chinhu chakati siyanei zvishoma dai panga pari kuzova neshumiro yokunamatira vanorwara, asi takazivisa kuti makadhi okunamatirwa achapihwa na 8, kusvika na 8:30 kana

9 o'clock. Uye ndango . . . Billy auya kumba maminetsi mashoma apfuura akati panga pasina kana munhu pano, nokudaro haana kupa makadhi ekunamatirwa. Saka ticha . . . Ndafunga zvekutora musoro wenyaya uyu, kuitira kuti chechi igadziriswe. Uye ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo che: *Chechi Yakanyengerwa, Nenyika*. Ndinoda kuverenga zvimwe zvino kubva muBhuku raVatongi, chitsauko 16, kutanga nendima 10.

Zvino Dherira akati kuna Samusoni, Tarira, wandinyomba, nokundirevera nhema: zvino chindiudza hako, ndinokukumbira, kuti ungasungwa papi.

Zvino akati kwaari, Kana vakangondisunga havo netambo itsva dzisina kumbobatiswa, zvino ndichashaiwa simba, ndova somumwe munhu.

Ipapo Dherira akatora tambo itsva akamusunga nadzo, akati kwaari, vaFiristia vasvika pauri, Samusoni. Zvino pakange paine Vavandiri vakanga vakavandira muimba yomukati. Zvino akadzidambura pamaoko ake sorushinda.

Dherira akati kuna Samusoni, Kusvikira zvino wanga uchingondinyomba, uchindirevera nhema: chindiudza hako kuti ungasungwa papi. Akati kwaari, Kana ukaruka . . . mhotsi 7 dzemusoro wangu, nomucheka wakarukwa.

Zvino akarisunga nemapini, uye akati kwaari, Samusoni, vaFiristia vasvika pauri. Ipapo akapepuka pahope dzake, akabva nemapini ezvitanda, nomucheka wakarukwa.

Zvino akati kwaari, Zvino ungataura seiko uchiti, Ndinokuda, kana mumwoyo mako usineni? wandinyomba ka 3 aka, uye uka . . . ukandiudza kuti simba rako guru riri papi; uye hauna kundiudza kuti simba rako guru riri papi.

Zvino zvakaitika kuti, paakamutambudza mazuva ose namashoko ake, akamugombedzera, zvokuti mwoyo wake ukashungurudzika kusvika pakufa;

Zvino akamuudza nomwoyo wake wose, akati kwaari, Musoro wangu hauna kutongoveurwa nechisvo; nokuti ndainge ndiri muNazire kuna Muari kubva mudumbu ramai vangu: kana ndikaveurwa, simba rangu richabva kwandiri, uye ndinoshaiwa simba, uye ndoita somumwewo munhu.

Zvino Dherira wakati aona kuti wamuudza nomwoyo wake wose, akatuma ndokudana . . . madzishe avaFirisitia, achiti, Kwirai henyu kuno izvozvi, nokuti wandiratidza nomwoyo wake wose. Zvino madzishe

avaFirisitia vakakwira kwaari, ndokutsvaga mari, kana kuti vakaunza mari mumaoko ake.

Zvino akamuwatisa pamabvi ake; zvino akadana munhu, uye akamuita kuti aveure mhotsi 7 dzevhudzi romusoro wake; uye . . . akatanga kumutambudza, uye simba rake rikabva kwaari.

Zvino akati, Samusoni, vaFiristia vasvika pauri. Zvino akapepuka pahope dzake, akati, ndichabuda nguva inowo sepane dzimwe nguva, ndozvizunza. Zvino asi wakanga asingazivi kuti JEHOVHA wakanga abva kwaari.

⁴ Zvino ndinoda kuverenga, rugwaro rwenyaya iyi, rwunowanikwa muBhuku raZvakazarurwa, chitsauko 2, kutanga nendima 21 ne 23.

Zvino ndakamupa nguva kuti atendeuke pakupfeva kwake; zvino haana kutendeuka.

Tarira, ndichamukandira panhoo, navanoita upombwe naye pamatambudziko makuru, kunze kwekunge vatendeuka pamabasa avo.

Navana vake ndichavauraya norufu; nekereke dzose dzichaziva kuti ndini ndinonzvera itsvo nemwoyo: uye ndichapa mumwe nomumwe wenyu zvinoenderana nemabasa enyu.

Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo.

⁵ Samusoni, akafanana zvakananya nechechi, akatanga zvakanaka. Akatanga ari mugwara chairo. Akatanga, akanzi murume weumhare ane simba. Akatanga, achishumira Ishe, mukuchengeta Shoko raVo nokuita Mirairo yaVo. Uye zvakanga zvakati fananei nezvaive chechi. Yakatanga, sezvatingataura, sekutaura kwenyika, yakatanga mugwara rakanaka. Yakatanga kuchengeta Mirairo yaShe. Zvino chero bedzi Samusoni aitevera Jehovha, Jehovha vaishandisa Samusoni.

⁶ Nokuti, Mwari vanogona kuchengeta chero ani zvake uye vanoshandisa ani zvake anoVatevera, nokuti ibasa raMwari. Asi kana tikatsauka, tichibva pazvinhu zvaMwari, zvino Mwari havazokwanisi kutishandisa zvachose. Patichafamba nekudzikama tichitevera Mirairo yaMwari, patichagara mumapeji eBhaibheri tichinamata kubudikidza neShoko rakanyorwa, kuVanamata muMweya nemuChokwadi cheShoko, zvino Mwari vanogona kushandisa chero munhu. Asi pavanofunga kutsauka vachitevera chimwewo chinhu, zvino Mwari havagoni kushandisa munhu iyeye zvakare.

⁷ Saka, Samusoni anova mufananidzo wa—wakanyatsojeka wechechi yanhasi. Chechi payakatanga, Mwari vaikwanisa kushandisa chechi, nekuti chechi yaifamba yakangwarira

ichitevera Mirairo yaShe, yakachengeta mitongo yaVo yese nemitemo yaVo, uye ikaita Mirairo yaVo yese. Uye Mwari vaive nechechi. Asi zvinoita sekuti pane kumwe kupera simba muchechi.

⁸ Rangarirai, hatisi papikiniki, asi tiri muhondo. Vanhu vazhinji vanongofunga kuti kana vava Mukristu ndizvo zvoga zvavanofanira kuita, kuti zvinogadzirisa nyaya yacho zvachose, sezvo vari Mukristu uye zvese zvichauya nyore. Usamboisa izvozvo mumusoro mako. Nokuti, ndakava Mukristu kuti ndirwe, kurwa kurwa kwakanaka kwekutenda. Ndakava Mukristu, kuti ndipinde mumitsara yehondo. Tiri masoja eChikristu, uye tinofanira kudzidziswa uye nokukudzwa, uye nokuziva mano-mano ose emuvengi, kuziva madziviriro, kuziva nzira yo—yokurwa hondo. Uye tinogona chete kuita izvozvo Mweya Mutsvene uchizvizarura kwatiri. Hatigoni kutora zvatinouzwa neimwe nyika patinoenda kuhondo, mamwe emazano avo. Asi tinofanira kutora pfungwa dzedu isu, nzira iyo Mweya Mutsvene unotitungamirira, uye nemazano aAnotipa, nokuti ndiWo Mutungamiriri Mukuru wehondo yeMakristu.

⁹ Samusoni akaita zvakanaka, akanga ari munhu mukuru kusvikira atanga, atanga kuita (tingakuti) sekungoita hundururani, kusvikira atanga kubuda panzvimbo yake pachake. Uye chechi yaifamba zvakanaka, uye yayiita zvakanaka kusvikira vatanga kubva panzvimbo yavo. Samusoni akatanga kuita zvekutamba nevasikana. Zvino akanga asiri kutamba nevasikana vemuIsraeri, akatanga kutamba nevasikana vechiFristia.

¹⁰ Uye ndizvo neimwe nzira zvakafanana nezvakaitwa nechechi. Haina kumbotanga kupinda murudo nevekwayo, yakatevera vasingatendi ndokutanga kutamba nevasikana vasingatendi. Ndipo patakaitira mhosho yedu huru, uye imwe yedzakakurisisa dzacho, ndipo apo chechi payakatanga kuita zvinhu zvakanga zvisina kunaka. Yakatanga kushamwaridzana, neboka rakaipa, saSamusoni.

¹¹ Samusoni, chero bedzi aifambidzana nevanhu vaShe, aiita zvakanaka. Asi paakazotamba nemusikana akaipa, akabva apinda mudambudziko.

¹² Uye ndizvo zvazviri nechechi. Zvino chechi payakatevera neruremekedzo zuva nezuva pane kutungamirira kweMweya Mutsvene, Mwari vakavaropafadza, zvino minana nezviratidzo nezvishamiso zvakatevera chechi. Asi payakatanga kushamwaridzana nevakaipa, nenyika! Chimwe chezvinhu zvakaipisisa chayakaita, uye zvinhu zvekutanga zvayakaita, yakatanga kuita sangano, ichiputsa yanano pakati pevamwe vatendi, nokuti vakaona kuti marudzi aive akaita sangano. Asi Evhangeri huru iyi haina kupihwa kurudzi rumwe kana vanhu vamwe. Yakapihwa kuna “ani naani anoda, ngaauye,” marudzi

ose, ndudzi, nendimi, navanhu. Mwari havana kumboda kuti isu titare miganhu.

¹³ Asi vanhu vaida kufanana, vanoenzanisa, kana kuti kutevedzera, kuita sezvinoitwa nenyi—nyika, kutaura zvinhu zvavanoita, kuita budiriro nenzira yavakabudirira nayo. Hatingambofa takabudirira tichiita chero chinhu chinoitwa nenyika. Tinogona chete kubudirira kana tichitevera mirairo yaMwari uye nenzira yaVo yekuita zvinhu. Hatingambovi, nokutevedzera nyika. Kana kambani yefodya yakawana kubudirira kwayo kukuru neterevhizheni, uye mapoka edoro nehwise akawana budiriro yawo huru kuburikidza nerubatsiro rweterevhizheni, hachisi chiratidzo chekuti chechi ichabudirira neterevhizheni. Kubudirira kwechechi kuri mukuparidzwa kweEvhangeri, kweSimba raMwari, nokuratidzwa kwoMweya. Hatigone kutaura nekuda kwekuti terevhizheni yakaita *zvakati-nezvakati* ichiitira kambani yefodya ne—nemamwe makambani! Hatina kana chero Rugwaro rwekuedza kuzvienzanisa nevanhu ivavo. Uye chero bedzi tichidaro, tinogona kuunza vanhu vazhinji, asi handizvo zvatakagadzwa naMwari kuti tiite. Tinofunga nekuti tese tiri vepamusoro, takabudirira, masangano makuru, achiita kuti zvinhu zvikuru zvinovaimira zviitike, kuti ibudiriro. Tiri kufa zuva nezuva patsoka dzedu, ndiri kutaura pamweya! Kana takamira tiri mamiriyoni 10 takasimba mangwanani ano, uye Mweya Mutsvene usiri nesu, taizoita zvakanaka kuti timire takasimba tiri 10 Mweya Mutsvene uinesu. Hatingazvienzanise nenyika.

¹⁴ Uye chimwe chezvinhu zvokutanga, chaiva chokuti, chechi yakatanga kuzviita sangano. Sangano rekutanga raive chechi yeKatorike, ndokuzouya chechi yeLutherani. Pavakaita sangano muchechi yeKatorike kuiita sangano, rimwe zuva pakava nokudanidzira, “VaFiristia vave pauri, Samusoni,” Samusoni ndokudambura tambo dzakasunga dzechechi yeKatorike, Martin Luther ndokuuya, nemasangano.

¹⁵ Vakabva vasunga chechi neimwe tambo, sezvakaitwa naDherira. Zvino vakatanga... pachinzvimbo chekuva nemunhu akadanwa naMwari, vanhu vakadanwa neMweya Mutsvene; pamwe vaisaziva maABC avo, asi vaiziva Kristu. Zvino chechi yakabva yaita yechimanjemanje, ndokutevedzera vatauri vezvematongerwo enyika. Uye vakapa vaparidzi vavo “dhigirii rachiremba,” munhu wese aifanira kuva Chiremba weDivinity. Ndiyo yaive imwe tambo yekusunga chechi. Vanhu ndokuenda kunofunda, seminari imwe neimwe inoedza kuburitsa mudzidzi ari nani kuitira kuti machechi avo aganze, “Mufundisi wedu ndiChiremba weDivinity.” Zvino vakaita sei? Mumwe anoedza kuva nezivo yakawanda kupfuura mumwe. Zvinoka, hazvireve chinhu pamberi paMwari.

¹⁶ Uye hapana chikonzero chokuti chero munhu aedze kutora zivo yake yemunyika zvino ogofadza Mwari nayo. Chinyangadzo

pamberi paMwari! Haumbofa wakafadza Mwari nevavariro uye neruzivo zvepanyika, nekuti “zvinovengwa naMwari,” Rugwaro rwunodaro. Haakwanisi kuzviita.

¹⁷ Zvino mumwe nomumwe anoedza kuva nezivo yose. Vanoziva chaizvo zvokuita uye nemashoko ekutaura, zvino kunozongove kutaura kwezvematongerwo enyika pachinzvimbo cheMharidzo yeMweya Mutsvene, inoratidzwa zvine simba inonyura mumwoyo wemunhu yoonesa zvivi zvake. Vakadzidziswa kutaura zvematongerwo enyika, zvino isu hatidi izvozo. Pauro akati, “Shoko rakauya kwatiri, kwete chete. . . kana kuti, Evhangeri, iri Shoko bedzi, asi kubudikidza neSimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene.” Zvakaunza Vhangeri, richiratidza masimba eMweya Mutsvene! Asi varume vose ava vanoenda kumaseminari uye vanodzidza dzidzo huru, kuti vanofanira kumira sei pamberi pevanhu, kuti vanofanira kuzviratidza sei, kuti vanofanira kupfeka sei uye kuti vanofanira kuita maitiro akadini, havafaniri kumboshandisa matauro asiriwo. Zvino, zvakana kana ari matauro ezmvatongerwo enyika, asi hatisi kutevedzera mashoko evanhu anonakidza. Pauro akati, “Evhangeri yandinoparidza haina kuuya yakadaro, asi Yakauya kubudikidza nokuvandudza kwe—kwe Mweya Mutsvene neSimba rinoratidza.” Haiuyi nekutaura kwakanaka kwakatsseteka, kuti hungwaru hwako huve, kana kuti kuvimba kwako kuve muhuchenjeri hwemunhu. Asi inouya kubudikidza nekuratidzwa kweSimba raKristu akamuka. Ndiyo Evhangeri, “KuMuziva muSimba rerumuko rwaKe.”

¹⁸ Mumwe nemumwe anoedza kufunga kuti akati ngwarei zvishoma kudarika mumwe munhu, sangano rega-rega. VeMethodisti vanoti, “Tine murume ane hungwaru kudarika vose.” VeBaptisti vachati, uye veChurch of Christ, nevamwe vakadaro, ivo vose, “Isu, ndisu takangwara kudarika vose. Isu, vanhu vedu—vedu, hatिंगoregi vanhuwo zvavo vachienda kunoparidza Evhangeri.” Asi vanovasarudza. (O Mwari, ivai netsitsi!) Kuvasarudza; kana vari vakabatikana neimwe dzidziso yavo, vanobva vavaisa muचेchi. Mwari havagoni kumbata chero nenzira ipi zvayo. Ndinoda kuti mumwe munhu andiparidzire akasarudzwa neMweya Mutsvene, Mwari wavakasimudza, kwete akasarudzwa nemunhu kana masangano.

¹⁹ Ruzivo rwese! Vanoti, “Oo, tinoziva zvose pamusoro paZvo,” uye vamwe vavo havazivi arifabheti yekutanga yeMweya Mutsvene. VanoUramba.

²⁰ Zvinondirangaridza nezvekabhuku kandakaverenga rimwe zuva muCalifornia, anenge makore 10 akapfuura. Ndakaritora muchitoro chekare chemabhuku. Ndakanganwa kuti munyori wacho ndiani. Kabhuku kadiki ke 10 senzi chete, asi kaive neimwe pfungwa yakanaka kwakari kunyangwe zvaiita senyambo uye zvine mano. Asi, ndakawana chimwe chinhu

imomo chaita saMwari, kwandiri. Uye imwe yenyaya diki yakatanga seizvi. Mamwe mangwanani muchirugwi chikuru chehuku, maive nerimwe jongwe diki raifunga kuti raive neruzivo rwese rwaivepo rwunofanira kuzivikanwa. Saka rakabhururukira pamusoro pebhokisi ndokurovera muromo waro pabhokisi, ka 4 kana ka 5, rikakandira musoro waro mudiki kumashure ndokukukuridza zvausati wambonzwa jongwe richikukuridza. Uye dzimwe, rakadzikwezva, uye rikati, “Madzimai nevarume vemuchirugwi chino, ndinoda kutaura nemi mose mangwanani ano nezvechimwe chirongwa chedzidzo chikuru chatichangobva kugadzira.” Rikati, “Ndakada ruzivo rwakawanda mukudzidza kwangu,” richisimudzira magirazi aro pamusoro pemuromo waro. Uye rikati, “Ndafunga kuti isu huku tinogona kuzviita vari nani neruzivo rwakawedzerwa. Naizvozvo, ndinogona kukuudzai kuti kupi, kana tikachera nekushanda mune chimwe chirugwi kana gomba, tichawana rimwe vhitamini richaita kuti tikukuridze zviri nani, minhenga inoyevedza. Uye, oo, ndinogona kukuudzai kuti tinogona kuzviita vari nani sei nenzira dzakawanda dzakasiyana.”

²¹ Zvino tutseketsa tune michochororo yatwo mitsvuku, twakakekeredza ndokuti, “Haadike here uyu?” Uye zvirokwasvo dzakariyemura. “Oo, ijongwe rine hungwaru kwazvo!” Zvinondiyechidza nezvevamwe vaparidzi pano vemuseminari. “Murume akangwara kwazvo! Hapana chikonzero chekuti timire nedzimwe huku dzese, tose tinofanirwa kuenda naye.”

²² Zvino, muchinda mudiki asati apedza kutaura, paiva neimwe huku diki yakanga isina minhenga yaipenya, yakauya ichimhanya kubva pachivanze chehuku, ndokuti, “Vakomana, imbomirai zvishoma! Ndichangobva kunzwa nhepfenyuro yapedzisira paredhiyo. Huku dzakwira mutengo ne 4 senzi papaundi, tose tiri kuenda kunouraiwa mangwana! Ko ruzivo rwenyu rwuchabatsirei?”

²³ Hama, ruzivo rwese rwatinokwanisa kuunganidza, rwunobatsirei? Isu tiri mafiti 6 evhu! Tese tiri kufa nemainji uye maminetsi. Ruzivo rwedu harwuna zvarwunoreva. Tinoda kuMuziva. Asi vanoita izvozvo.

²⁴ Sezvandaitaura imwe nguva yapfuura nezveimwe canary, zvino yakafunga kuti yaiziva zivo yose ino—inofanira kuti izivikanwe, uye yaiziva zvakawanda zvekuti yaikwanisa kuudza mamwe macanary nezvevanhu. Nokudaro ndokubhururukira pakeji yayo yotanga kutaura pamusoro pemunhu, maziviro ayaiita zvose pamusoro pavo. Zvino, kamwe-kamwe, purofesa wekuPurdue akafamba ndokuuyapo ndokutanga kutaura naye mamwe mavhoko, zvino shiri diki yakabwaira-bwaira maziso ayo ndokutendeudza musoro wayo uye. . . Zvino, yakanga ine maziso, yaikwanisa kuona purofesa. Yaiva nenzeve, yaigona kumunzwa. Asi, chokwadi, yakanga isingazivi zvaaitaura nezvazvo. Sei? Ine pfungwa dzecanary. Inongova nenjere

dzeshiri. Ndizvo zvoga zvainazvo. Haina pfungwa dzemunhu, saka haigone kufunga sevanhu.

²⁵ Uyewo kana munhu wenyama haangafungi saMwari! Uri munhu, uye ruzivo rweze rwenyika rwakangoita sepfungwa dzecanary. Zvose zvaunoita, unongozvikuvadza narwo. Unofanira kuva nepfungwa yaKristu.

²⁶ Chikonzero chinoita kuti vanhu vanoenda vonojoinha masangano, uye votsinhanisa kukwaziswa maoko pachinzvimbo chekuzvarwa patsva, vari kuedza kunzvenga kuzvarwa patsva. Havadi kuzvarwa patsva. Uye ivo—ivo vanoziva kuti tinozvidzidzisa muBhaibheri, saka vanoda kutsivanisa nechimwe chinhu pakuri. Zvino vanhu vePentekosti vakangoipa zvimwe chetezvo, vachiedza kutsivanisa chimwe chinhu! Vanoda zviriviri zvepamusoro-soro. Zvinofanira kunge zviriviri zvepamusoro-soro, “Tichakwazisana maoko nekujoinha chechi, uye tosaswa kana kubhabhatidzwa,” kana chimwewo chinhu. Vanotya kuzvarwa patsva. Dzimwe nguva ndinotenda kuti Branham Tabhenakeri iri kukutya!

²⁷ Zvino, tose tinoziva kuti kuberekwa, handina basa kuti ndekupi, kana kupi, kupi kwacho, kune huchapa. Kana mwana akazvarirwa pamurwi wemakwande, pauriri hwakaomarara, kana mukamuri yemuchipatara yakashongedzwa nepingi, zvine huchapa, zvakadaro. Kuberekwa kwemhuru, kuberekwa kwechero chinhu hacho, kune huchapa.

²⁸ Uye kuberekwa patsva hakuna kusiyana nehuchapa! Asi vanhu vakaomarara kwazvo, “Tichaenda uko kwavanokwazisa maoko. Tichaenda uko kwavasingahwihwidze nokuchema, nokurova-rova paartari nokudanidzira.” Unoda kuva munhu zvakananyanya iwe! Chatinoda kuberekwa, kufa, kunounza Hupenyu!

²⁹ Mbeu, mbatatisi yakare, mbeu yembatatisi, unotora mbatatisi iyoyo woiisa muvhu. Kusvikira wava nembatatisi itsva, mbatatisi iya yekare inofanira kuora. Chibage hachigone kuburitsa hupenyu hutsva kusvika chaora.

³⁰ Uye murume kana mukadzi haagoni kuva nekuberekwa patsva kusvikira njere dzavo nezvavari ivo zvaora, zvafa, vofa paartari, nokuzhambata, vosvika pakusemesa, kusvika panzvimbo iyo kuomarara kunobva pakora yako, uye wozvarwa patsva neMweya waMwari. Handina basa nazvo kana ukahwihwidza, ukataura nendimi, ukasvetuka-svetuka, wopupuruka-pupuruka sehuku isina musoro wayo, uri kuunza Hupenyu hutsva! Asi takatsivanisa nechimwe chinhu panzvimbo pako, tinoda nzira yakadzikamira, chokwadi.

³¹ Rimwe zuva, Chishanu, mudzimai wangu neni taienda kuchitoro. Handireveru kuramba ndichidzokorora izvi. Asi pataidzika nemugwagwa, ndaingoramba ndichitendeudzira musoro wangu uku neuko, vakadzi vasina kusimira.

Ndakavimbisa Mwari pandakanga ndiri bofu, kana Vaizopodza maziso angu ndaizotarisa chinhu chaive chakanaka. Uye ndinochengeta kamuchinjikwa kadiki kakaremba mumota yangu. Pandinoona zvakadaro, ndinotarisa pamuchinjikwa ndoti, “O Mwari, ndiHwo Hutiziro hwangu,” apo ndakatarisa pamuchinjikwa.

³² Ndakaona madzimai iwayo. Meda akati, “Hatina kuona mukadzi mumwe chete nhasi akapfeka siketi.” Iye ndokuti, “Bill, hona mukadzi uyo ane tutambo tudiki utwo kumusoro kwemuviri wake,” ndokuti, “unoreva kundiudza here kuti mukadzi uyo haazive kuti zvakaipa?” Akati, “Kana asingazivi kuti zvakaipa, saka pfungwa dzake hadzitorimo.”

³³ Ndikati, “Imbomira zvishoma, mudiwa. Iye ndewe muAmerica, anoita zvinoitwa neve muAmerica.” Ndikati, “Ndakanga ndiri kuFinland nguva pfupi yapfuura, mudiwa.”

³⁴ Zvino ndakabvunza murume wakandigarisa pasi, Chiremba Manninen. Uye takanga tiri kuenda ku—kunogezera kuitira hutano, kunonzi “sauna,” zvino vanokutora vokudira mvura inopisa, kana mvura pamatombo anopisa, uye zvinongokudikitorisa. Zvadaro vokuuta kuti usvetuke mumvura ine chando, wobva wabuda. Zvadaro wozopinda mukamuri, zvino munenge muina vanamukoti imomo, vakadzi vanokweshwa varume (uye vakashama), vovadzoserwa mudziva. Handina kukwanisa kupinda. Zvino ndakati, “Chiremba Manninen, zvakaipa.”

³⁵ Akati, “Zvakanaka zvino, Mufundisi Branham, hazvina kunaka. Ko kuzoti vanachiremba venyu vekuAmerica vanokurura mukadzi hembe vomuradzika patafura, voongorora nhengo yose yehudzimai—yehudzimai yaainayo? Ko vanamukoti venyu muzvipatara?”

³⁶ Ndakati, “Ruregerero, Hama Manninen, Manninen, muri raiti.”

³⁷ Chimbori chii? Itsika. Pandakanga ndiri muParis handina kukwanisa kuzvitenda, kuti zvimbuzi zvevarume nevakadzi zvakanga zviru zvimwezvo. Handina kuzvinzwisisa, kuti zvimbuzi zvaiva parutivi pemugwagwa zvaive zvevose varume nevakadzi. Handina kuzvitenda kuti vakadzi pavaienda kumahombekombe egungwa kunotuhwina, mukomana nemudiwa wake, havana makamuri ekupfekera, vaingokurura nguvo dzavo dzose kusvika panguwo yekupedzisira, vobva vafuratirana vopfeka tutambo voenda kunotuhwina, asi ndizvozvo. Havana kana hanya nazvo. Itsika yekuFrance.

³⁸ MuAfrica, vakadzi nevarume, vaduku nevakuru, vasina kana mbatya zvachose, vachifamba mumapani. Vasina kumboziva kuti chimbuzi chaive chii, kana zvinhu, kana kutomboenda pausingaonekwi nemumwe. Asi havazivi musiyano. Havazivi musiyano. Asi itsika dzemarudzi.

³⁹ Asi ndakati, “Mudiwa, takasiyana, tiri veimwe Nyika. Tiri vafambi uye navatorwa pano, ndizvo zvinoina kuti zvinhu izvi zvitardzike zvakaipa kwazvo. Nokuti Bhaibheri rakati, ‘Avo vanotaura zvakadaro, vanoti, vanoratidza kuti vafambi nevatorwa, vari kutsvaka guta rinouya.’”

⁴⁰ Murume kana mukadzi muItaly, muFrance, muAfrica, ari mune imwe nyika, akatozvarwa patsva neMweya Mutsvene, haaite zvinhu izvozvo. Havapfeki hembe idzodzo. Havazoiti saizvozvo, nokuti ndeverumwe Rudzi Urwo Mutongi noMuiti waro ndiMwari. Tinobva Kudenga. Mweya uri mauri, unoronzira hupenyu hwako. Kana uri wemuAmerica, unoina sezvoina vemuAmerica. Kana uri muFrench, unoina zvinoina nemaFrench, uye wotsoropodza mumwe wacho. Asi kana uri waMwari, uchaita zvavainoina Kudenga, nokuti Mweya wako unobva Kumusoro uye Unokutungamira.

⁴¹ Chimwe chinhu chidiki chaungatarisa. MuMagwaro, avo vaitsvaga Guta idzva iri, vaizvibata zvakasiyana. Vakataura kuti vaive vafambi nevatorwa. Asi kudivi raKaini, ndokuva varitairi nevapanduki. Asi Makristu aiva vafambi uye nevatorwa. Muritairi haana musha, mupanduki munhu akaipa kwazvo. Asi mufambi chimwe chinhu chamazvirokwazvo, uye anobva kunzvimbo yamazvirokwazvo iri mune imwe Nyika, achiedza kutsvaga nzira yake yokuenda Kumusha, achipupura nekurarama kwake kuti ane chimwe chinhu chinoti anobva kune imwe Nyika. Hecho chikonzero.

⁴² Asi zvakadaro vanhu ivavo vanodaro, vanhu ivavo vanopfeka zvinhu izvozvo, regai ndikuudzei. MuSouth Africa, pandakaona mahedheni chaiwo 30,000, vakashama, vanofuka magumbeze. Vasikana, vakomana vane makore 16, 18, 20 vasina kana rushinda rumwe chete rwehembe, vakamirapo vaine madhaka kumeso kwavo, uye vakapendwa, mapfupa akabayirirwa nemumhino dzavo, netumatanda twakaremba panzeve dzavo, uye vakaisa mapfupa evanhu akapesana kana mamwe mapfupa mubvudzi ravo, mazino emhuka akaremba pavari, vakashama sekuuya kwavakaita munyika, uye vasingazvivi. Asi pavakagamuchira Kristu, uye vakawira pasi nezviso zvavo ndokugamuchira Mweya Mutsvene, vakasimuka ndokupeta maoko kuti vachivhara kunyadzisira pazvipfupa zvavo, vachifamba vachienda vakanowana hembe dzekupfeka. Sei? Vakava vafambi nevatorwa panyika ino. Hareruya! Vakanga vari kure naYe. Hongu, changamire.

⁴³ Oo, hongu, vanhu ava vanozviti Makristu. Ivo ndevemumachechi. Vanoenda voti, “Isu tiri maMethodisti. Tiri maBaptisti. Tiri maPentekosti. Tiri maSeventh-day Adventisti. Tiri izvi, izvo, nezvimwewo.” Hazvina chinhu chimwe chekuita nazvo. Mweya wako, hupenyu huri mauri, hunokuronzira uye hunotaura zvauri. Jesu akati, “Muchavaziva nezvibereko zvavo.”

44 Chechi yaita seIsraeri, kutanga. Vakaona marudzi ose echihedheni aina mambo. Mwari ndivo vaive Mambo wavo. Zvino vakaona marudzi echihedheni aina mambo, saka vaida kuita semarudzi echihedheni, zvino vakazviwanira mambo. Uye pava kazviita, vakapinda mudambudziko. Zvishoma nezvishoma yakatanga kupinda. Zvishoma nezvishoma nyika yakatanga kuverevedza ichipinda mavari. Pakupedzisira ndokugumira muna Ahabhu. Mumwe mambo achiswedera pedyo zvishoma nayo, achiswedera zvishoma nayo, uye pakupedzisira ndokusvina hupenyu kubva mavari. Zvino hezvoka zvavakave. Zvino Mambo chaiye paakauya, havana kuMuziva.

45 Ndizvo zvimwe chete zvakaikwa nechechi. Yakagamuchira. Hezvoka izvo. Yakagamuchira zvevatongerwo enyika, dzidzo. Yakagamuchira masangano, nzanga, machechi makuru, vaparidzi vanotaura zvepamusoro. Zvino kana Mambo chaiye auya, havaMuzivi, uye vari kurovera Mweya Mutsvene chaiwo unova Mambo wavo. HavaMuzivi, asi vanoMuseka nekuita jee naYe. Sezvakaitwa nemaJudha kuna Mesiya wavo, chechi iri kuita kuna Mesiya wavo nenzira imwe cheteyo. Havazvizivi. Havana muono wepamweya, nokuti vakabatikana kwazvo mumeso avo uye nezvavanoona, zvivakwa zvikuru, vachiedza kuzvienzanisa nenyika. Hatina kumbokurudzirwa—kurudzirwa kuzvienzanisa nenyika. Tinokurudzirwa kuti tizvininipise.

46 Zvino, mumwe ndiye ruzhinji, muna Mwari. Uye nhasi muvavhangeri vanonamatira varwere kunze kuminda yekuvhangeri, mune zvepakwikwi kwazvo, vakwikwidzi. Mumwe anoti, “Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe, ndine zviuru zvakaanda kudai. Ndine musangano mukuru kupfuura wauinawo.” Zvinoita mutsauko wei? Tine 1 kana miriyoni 1, zvinoita mutsauko wei? Takatendeka kuna Mwari here? Takatendeka kuShoko raVo here? Tinomira pasi pekuyedzwa neMweya Mutsvene here? Ichokwadi here? Ndicho chinhu chine basa.

47 Asi tinorerutsa paBhaibheri. Vazhinji vevanhu vedu vePentekosti, pamusoro peDzidziso dzepamavambo dzeBhaibheri rino, vanorerutsa. Pane . . . Handidi kukurwadzisa pamanzwi. Ndiri muchechi yangu pachangu, uye ndinonzwa sekuti ndi—ndinogona kungoita izvo, muchechi mangu, nokuti ndiri kuparidza Evhangeri. Asi kune makumi ezviuru zvevaparidzi vePentekosti vanoiziva kuti hakuna chinhu chakadaro muBhaibheri serubhabhatidzo muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Ndinopikisa achibhishopi, kana chero ani zvake, kuti andiratidze pakabhabhatidzwa chero munhu muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Asi vanorerutsa, nekuti masangano aya akadaro. Hakuna munhu mumwe chete muTestamende Itsva, uye nekwemakore 300 akatevera, munhoroondo, vasina kubhabhatidzwa muZita

raJesu Kristu. Chii ichocho? Sangano. Ndiro rakazviita. Kurerutsa!

48 Uye nhasi vakabvisa vese vanopupura mumigwagwa kubva mumigwagwa. Vakabvisa tamborini muchechi. Vakabvisa kubwinya kwese kubva muchechi, uye vakaisa kuparidza kwekumaseminari, kuparidza kwekachongwe kekare kane muchochororo, vose vakakwenenzverwa munharaunda, uye madzimai avo achipfeka zvikabudura nemadhirezi anobata, uye varume vachiputa midzanga, nokubheja nokutaura majee ane tsvina. Zvinonyadzisa pamberi paMwari! Ndinoziva kuti zvakakwasharara, asi yave nguva yekuti mumwe munhu ataure chimwe chinhu. Kurerutsa, kuregedzeka, kuita senyika!

49 Handina basa kana ndichifanira kumira ndega, ndisina mumwe munhu kunze kwaMwari chete, ndichaparidza Chokwadi cheBhaibheri raMwari ndomira naCho. Kana ndikafa, ndicharamba ndakamira neChokwadi. Zvirokwazvo. Tinoda Chokwadi. Ndichava pachiyero kwete chiri maererano nechechi, asi ndinoda kuva pachiyero chiri maererano neShoko raMwari.

50 Asi Dherira, macherechedza here? Aiziva kuti Samusoni aive nesimba. Uye akanga asingazivi kuti simba iroro rakanga riri pai. Haana kukwanisa kuziva kuti simba iri raiva chii, asi pakanga paine rimwe simba guru rakanga rina Samusoni, uye aida kuti ariwane. Zvino, saDherira, akaramba achikwezva Samsoni nokuda kwerunako rwake. Oo, akazvipfekedza zvinonyatsokwezva ruchiva. Zvino akafamba pamberi pake ndokupfipfidza sevamwe vechidiki vezera rekuyaruka vemazuva ano, ne—nezvimwe zvakadaro, uye achida kungoita sechimwewo chinhu, mukadzi anozvikurura hembe, achiedza kukwezvera Samusoni kwaari.

51 Ndizvo zvimwe chete zvakaitwa nenyika kuchechi. Zvino Simba rako guru riri papiko?

52 “Zvinoka, kana tikaita sangano, zvinoputsa Simba.” Chechi yeKatorike yakazviita.

53 “Asi vaFiristia vakusvikira, Samusoni.” Luther ndokubuda.

54 Vakabva vaita sangano zvakare. “Kana mukandisunga neimwe tambo, ichandibata.” Saka vakadaro.

55 “Uye vaFiristia vasvika pauri, Samusoni.” Chii chakaitika? Wesley akabuda ndokudambura tambo.

56 “Zvino wakandinyengedza nguva yese iyi. Hauzivi here kuti ndinokuda, Samusoni? Zvakanaka, ndiudze chokwadi chiri mumoyo mako.”

“Zvakanaka, ndisungei neimwe tambo.”

57 “Zvakanaka, zvino tichaita izvozvo.” Chii ichocho? Itambo yemasangano.

58 “Ndiregei ndive ndakasonunguka, kuti ndisave nesangano. Zvino, ndinokuudzai, munondiita kuti ndipere simba.” Saka maPentekosti ndokubuda. Simba rako riripi?

“VaFiristia vakusvikira.” Iye ndokudambura tambo zvakare.

59 Asi zvino chii chakaitika? Chabata maPentekosti, vanaChiremba vakuru veDivinity sevafundisi vavo, mumwe murume akakurumbira. Vane chikoro netsika zvakangofanana neMethodisti kana Baptisti, kana sezvine vamwe vose. Ukaenda muchechi uye haugoni kunzwa “ameni,” vakangotonhora seboka remaEskimo vari kuNorth Pole chaiko. Vakatonhora! Havana hanya! “Zvino vaFiristia vakusvikira, Samusoni.”

60 VaFiristia vakusvikira, America. Humwe huya mumweya huripiko? Humwe hwePentekosti huripi? VeAssemblies of God, neUnited, neChurch of God, uye *iyi, iyo, imwewo*, imwe neimwe iine chitevedzwa chakasiyana, iyi iine *icho*, uye neiyi iine *icho*. Takapatsanurana zvekuti unokwanisa kupinda muguta kunoita rumutsiro, kana chechi imwe ikarwutsigira, vamwe vose havatombouye. MaCommunist akusvikira, America.

61 Simba redu riripi? Kubwinya kwedu kuripi? Chii ichocho? Nekuti takatevera huchenjeri hwevanhu pachinzvimbo cheSimba raMwari! Handiti, vakaita kuti vaparidzi vedu nezvinhu vave vakaoma uye nekuomarara, kusvikira vatiita sangano kusvika taomarara chaizvo uye tava nemitsipa mikukutu, kusvikira vanhu... Munombonzwa kudandizirawo here muchechi zvachose? Haumbonzwa chero munhu achichema. Bhenji revanochema rakaiswa muimba yepasi. Hamuchisina kubwinya muchechi. Chatinongoita kungogara takaomarara zvekuomarara zviya. Hatina kusonunguka. Takasungwa. Dhiyabhore, nemadhimoni ake echimanjemanje, akasunga chechi yaMwari mupenyu. Ndizvozvo. Muchechi hamusisina Simba. Hapasisina rusonunguko. Vanhu vacho vakaomarara uye vakaoma! Handiti, Mwari vanogona kuuya pakati pevanhu vechiPentekosti, uye voratidza kuti iVo ndiMwari, uye voratidza zviratidzo zvaVo zverumuko rwaVo, hazvitombovazunguzi. Kubwinya! Handiti, zvinonyadzisa! Ndinofamba ndichidarika nemunyika, Mwari vachishanda, vachiita zviratidzo, zvino vanhu vanogara, uye, “Saka, ndinofunga kuti zvakana. Oo, ndinoziva zvinogona kuitwa.” Hazvivazunguzi! Sei? Vakasungwa naDherira, nyika. Vari mumangetani.

62 Zvino vakatovapinza mune, vakavasunga mune mubatanidzwa. “VaFiristia vari pauri, Samusoni.” Uchaita sei nezvazvo?

63 “Oo, tine masangano makuru.” Chokwadi. “Tine nhengo dzakawanda kupfuura dzatakamboita.” Asi Mweya uripi? Mweya Mutsvene uripi?

64 Ndizvo zvakaitwa nadhiyabhore. Akakwezvera muchechi. Akaramba achinyengerera chechi, “Huyai kwandiri,

ndichakupai tabhenakeri huru kwazvo pano kana mukaita *izvi*. Kana mukabvisa muparidzi anopengereka uya wamunaye, mowana murume, Chiremba weDivinity ane pfungwa, tichavaka chechi yakanaka huru yepamusoro uye tichafanana nevamwe vese.” Munonyadzisa! Zviri nani kuve nemurume asingazivi mutsauko wemhodzi yekofi yakatsemuka nebhinzi, asi akazadzwa neMweya Mutsvene, asingarerutsi, kubudikidza neSimba raMwari.

⁶⁵ Asi yasvika, oo, pakuomarara kwazvo, kusvikira mumwe mutsvene anonzwisa urombo anogona kupinda mumweya mumusangano uye otaura nendimi, kana kudandizira zvisvishoma, kana kuita chimwe chinhu, zvino vamwe vose vachatendeutsa mitsipa uye votarisa. “Chii ichocho? Zvinoka, unoshaya kuti sei? Uyu anofanira kunge ari mupengo wakadonhedzwa pane imwe nzvimbo.” Unoziva kuti ndicho chokwadi! Mumwe mutsvene anonzwisa urombo anopinda, vofara zvekusimudza maoko avo, nekuchema nekurumbidza Ishe, mumwe munhu anodandizira kuti “ameni” pakuparidzwa kweEvhangeri, uye vamwe vose vanocheuka kuti vaone zvaatura. Ndiwo maPentekosti. Chii chiri kunetsa? Muri kutevedzera Methodisti, muchitevedzera Baptisti; vakatevedzera maKatorike; MaKatorike akatevedzera gehena. Uye, vese pamwe chete, vese vakatevedzera gehena! Ndizvozvo.

⁶⁶ Dherira akakukwezverai mumachechi makuru, vashumiri vakanaka, vakadzidza, vanotora boka repamusoro. “Zvinoka, munoziva, *Nhingi-nhingi* zasi uku ndimuzvinamiriyoni, kana tikangomuita kuti auye muungano yedu! Oo, ini zvangu!” Kana asina kuzvarwa patsva, saka haakodzeri kuva ipapo. Handina basa nazvo kana aine madhora miriyoni. Kana aine maCadillac 40, chero chaanacho, anofanira kuzvarwa patsva, kudzika kusvika pakuzvarwa patsva uye ovandudzwa patsva neMweya Mutsvene, uye obva ipapo azvarwa patsva, achichururuka madzihwa (ruregerero), achichema nokudandizira, nokuenderera sezvinoita vamwe vose, uye worarama hupenyu mushure mazvo hunoratidza kuti anaWo. Amen. Ndizvo zvaunoda.

⁶⁷ “Samusoni, vaFiristia vakusvikira.” MaCommunist akusvikira. Nyika yakusvikira. Dhiyabhore akusvikira.

⁶⁸ Vanodzokera uye vanoona Mweya waMwari uchiita minana nekuita zvinhu zverumuko rwaKe, izvo Jesu akavimbisa, ivo vanoti, “Munoziva, ndinofunga kuti Hama Branham vanoita zvekuverenga pfungwa zvakananyana. Mufundisi wangu akati ndezvadhuyabhore.”

⁶⁹ Iwe munhu asingatendi anonzwisa urombo, munyengeri, akanyengedzwa, akakwenenzverwa, iwe mhumhi yakapfeka dehwe regwai! Jesu akati, “Dai makaNdiziva, mungadai

makaziva zuva raNgu.” Asi mune boka ravanaSauro vanoedza kukuitai kuti mufanane nenyika yese.

⁷⁰ Tinoda boka revarume vaMwari vasingarerutsi paShoko, asi vanoparidza Chokwadi uye vomira parubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

⁷¹ Asi nyika yakaitai? Yakaveura Simba rako rose. Wakazvarwa uri muNazire, Pentekosti, asi nyika zvirokwazvo yakaveura Simba rako. Zvino yangoomarara sedzimwe dzose.

⁷² Tichaitai? Chii chichaitika? Pane chinhu chimwe chinobwinya chandinogona kufunga nezvacho kupedzisa nyaya iyi.

⁷³ Samsoni achakasungwa! Hatigoni kuva nerumutsiro. Inzwi hama yedu yakavimbika, Billy Graham, “Rumutsiro muzuva redu!” Inzwi Oral Roberts achidanidzira, “Rumutsiro muzuva redu!” Inzwi vamwe vose, “Rumutsiro muzuva redu!” Tingava nerumutsiro sei kana takasungwa? Takasunga Mweya Mutsvene, nemasungano edu uye netsika, saka hatikwanisi kuva nerumutsiro rweMweya Mutsvene. Amen. Ndinoziva kuti kuri kupisa kwazvo, nemamiro ekunze, asi iChokwadi. Tingava sei nerumutsiro rweMweya Mutsvene iwe wakasungwa zvakananyanya uye wakaomarara! “Chimiro chehumwari,” Bhaibheri rakati vaizove nacho. “Chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho.” Simba rei? Simba resungano here? Simba renyika here? Simba rechechi here? Simba reMweya Mutsvene! Ndiyo nzvimbo yakavanzika muchechi. Uye kana chechi yatora vaparidzi vakadzidza, nezvivakwa zvikuru nehunyerete, pachinzvimbo cheMweya Mutsvene wakare, zviri nani vave mumisheni zvakare. Amen. Chokwadi. Uchava sei nerumutsiro rweMweya Mutsvene, apo vanhu vachiUdzima nekuUsungu uye vachiUtya? Ndipo pachopane dambudziko.

⁷⁴ “VaFiristia vakusvikira.” Asi tariro imwe yakaropafadzwa yatinayo, apo Samsoni akanga ari mutorongo. . .

⁷⁵ Chii chekutanga chavakaita pavakamubata? Vakamusunga, kutanga. Vakamutorera simba rake, vakawana chakavanzika chake. Vakawana chakavanzika chako. Nyika yakawana chakavanzika chako. Zvino imi madzimai mese munogera bvudzi renyu, zvinoita senyika. Imi varume mose munoenda monoita senyika. Zvakanaka, motaura nyambo uye nyambo dzine tsvina, zvino mobuda kunoputa midzanga mishoma, momhanya-mhanya nevakadzi vevavakidzani, nezvimwe zvose zvakadaro, kunwa tudoro muchiwadzana kuti uchengetedze basa rako. Ndingasva hangu ndarara nedumbu rangu ndichidya mabhisikiti ane munyu nekunwa mvura yemukakova, uye ndogara ndakachena uye ndisina zvinosvibisa pamberi paMwari, pane kurerutsa nokuda kwebasa ripi zvaro. Ndizvozvo. Chokwadi. Gara wakatendeka kuna Mwari.

⁷⁶ “Samusoni, vaFiristia vakusvikira.” Branham Tabhenakeri, nyika iri kuverevenda ichipinda pakati penyu. Munoti kudini nazvo? Makafumura chakavanzika chenyu here? Makafumura here chakavanzika chiya icho Mwari vakakupai pamakanga muchiumburuka muya mumafufu emapuranga makore mashoma akapfuura? Makarega chichibuda nekuda kwechinamato chehushamwari, chetsika here? Chii chakaitika kwamuri? Mwari vanogona kudzika pasi voita chishamiso uye vogoenda chaizvo nemuungano uye vogoudza vanhu zvakavanzika zvemoyo yavo, nezvose, nekupodza vanorwara nevanotambudzwa, nekuita zviratidzo nezvishamiso, nekuparidza Shoko raVo nesimba ravanogona naro, neMweya Mutsvene; uye vanhu vanoti, “Zvino, ndinodaira kuti zvakanaka. Tinonakidzwa nekuzviteerera pano neapo, kana tisina kunyanya kuneta.” Ndiyo Branham Tabhenakeri. VaFiristia vakusvikirai.

⁷⁷ Apo, zvaisimbova kuti Shoko paraiparidzwa, uye vatsvene vakare vaine misodzi mumaziso avo, vaisimuka netsoka dzavo vofamba, vachichema, zvichida vasingatauri chinhu, vachingofamba-famba, ka 2 kana ka 3, vogara pasi, vakanyatsozadzwa neMweya Mutsvene! Shoko raivapa zvokudya! “Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.” VaFiristia vakusvikira, Branham Tabhenakeri.

VaFiristia vakusvikira, muPentekosti.

⁷⁸ Zvirokwazvo, vaFiristia vakakutorai, imi mose, kare-kare pamakazviita sangano rakanyatsosimba, hapana chaigona kupinda kunze kwekunge uri muPresbyteriani, muBaptisti, muMethodisti, muKatorike, kana imwewo. Waisazove uine chekuita nevamwe vese.

⁷⁹ Saka, rumutsiro muzuva redu? Tingava narwo sei kana mupi wacho werumutsiro akasungwa nyenika? Mwari havapinde umo mune nyika, unogona kungovimba nazvo. Unodyidzana nyenika, zvino ndizvo—ndizvo zvoga. Ukatendera nyika kuti iverevedza ichipinda, unotanga kuita senyika, ipapo unenge waparara. Asi kana ukagura ngetani dzose dzinobva panyika, wouya kuna Mwari, Mwari vachakushandisa kusvikira wazotanga zvokutamba-tamba zvakare.

⁸⁰ Heino tariro yoga yandinayo mangwanani ano, ndichipedzisa Mharidzo yangu, ndeiya, “Samsoni paakanga akasungwa, rimwe bvudzi idzva rakamera.”

⁸¹ Mwari titumirei imwe Chechi nguva yekupedzisira yave yasvika, kuti Simba reMweya Mutsvene rigone kupinda mairi, mukuratidzwa kweMweya, uye naMarko 16 igone kutevera Chechi, Mabasa 2:4, Mabasa 2:38, zvose zvichange zvichitevera pamwe chete neChechi. Zviratidzo nezvishamiso zvichiperekedza vaapostora. Zviratidzo zvikuru zverumuko rwaKe zvichivaperekedza. Apo tiri mutirongo, zvirokwazvo

Mwari Vari kukudza imwe mbeu kune imwe nzvimbo, kuti igozove nekuparadza kukuru kwekupedzisira. Ngaive iwe, shamwari yangu yeChikristu pano mangwanani ano, dai kuti simba rako ratotanga kukura. Ndinonamata kuti Mharidzo ino mangwanani ano, uye nekunze kunyika uko ichaenda, ndinovimba kuti Mharidzo ino ichabatsira kuunza vhitamini mumuviri wako ichakudza Simba repamweya ridzoke muhupenyu hwako zvakare.

Ngatikotamisei misoro yedu tinamate.

⁸² O Ishe Mwari, Musiki weMatenga nenyika, Muvambi weHupenyu Husingaperi, neMupi wezvipo zvese zvakanaka nezvepamweya, torai mashoko aya mangwanani ano muaise mumwoyo, moadiridzira, Ishe. Dai vanhu vanamata pamusoro pezvinhu izvi, tichiona kuti nyika yakwezva chechi uye yapedzisira yawana Simba rayo, yakawana nzvimbo yayo yakavanzika, yakawana pane chakavanzika chayo, uye ikachiveura. Yakatora vanhu vakambodanidzira kukunda, vakambove nekukunda, ikavaveura, vagare kumba neChitatu manheru kuti vaone chirongwa chepaterevhizheni. Yakabvisa mufaro mumwoyo yavo, uye ikavapa rudo rukuru rwenyika kupfuura rwavanarwo kuna Mwari. Ndokuvapa zvimwezve zvenyika, zvemunyika, chishuvo chakawedzera chezvinovaraidza zvenyika pane kuva nekuparidzwa kweEvhangeri. Kana pasina bhendi rakakura nekungofarisa kwakanyanya, uye nekudanidzira nekungofarisa, zvino havadi Evhangeri yekare, zvachose, inounza misodzi yomufaro kumunhu wemukati, inodzosa kupodza kwaMwari, inodzoredza zvipo zvechiapostora kuchechi, inounza Kristu akamuka, Mesiya wezuva rino.

⁸³ Asi sokusingwa kweIsraeri ne—nemadzimambo avo, zvokuti havana kukwanisa kutevera Mambo chaiye; uye Mambo chaiye, paAkauya, havana kuMuziva. Ndizvo zvazviriwo nhasi. O Ishe, Mambo weKubwinya akazviratidza muchimiro cheMweya Mutsvene, uye, Ishe, havazvize. Havazvicherechedzi. Vakanyatsoita sangano zvakasimba, zvekuti havazvinzwisise, nekuti hazvisi musangano ravo. Ishe, iri ibasa radhiyahore rakaita izvi kuvanhu.

⁸⁴ Dai Samusoni waMwari, dai vakatendeka mumoyo, avo vari kushuva nekuchema, uye vachiteterera uye nokuramba vakabaturira, dai vagara nazvo, Ishe, kusvikira mbeu itsva iyi yamera, kusvikira kwauya zvakare mufaro muZioni, uye kwauya boka rinogona kucherechedza nokunzwisisa, rinogona kuona Mesiya neSimba rakavigwa iro rakavigwa kune nyika, ravingazonzwisise zvino. Itai, Ishe, kuti vaone izvi. Nekuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

. . . simba iko zvino,

O Ishe, tumirai simba iko zvino
Mugobhabhatidza mumwe nomumwe.

Vakanga vari muimba yepamusoro,
Vose vaiva vari muhumwe,
Pakaburuka Mweya Mutsvene
Wakavimbiswa naIshe vedu.

O Ishe, tumirai simba reNyu iko zvino,
O Ishe, tumirai simba reNyu iko zvino;
O Ishe, tumirai simba iko zvino
Mugobhabhatidza mumwe nomumwe.

⁸⁵ NdinoMuda kwazvo! Akangotumira simba raKe! Vakanga vari muimba yapamusoro, vose vari muhumwe. Nyika yese yakange yabuda mavari. Vakanga vasisina chinhu mavari, zvino Mweya Mutsvene ndokuuya.

⁸⁶ Nhasi vanoti, “Huya, ujoinhe chechi, isa zita rako mubhuku. Kana kukotama voti, ‘Ndinopupura Kristu seMwanakomana waMwari,’ vosimuka.” Dhiyabhore anoita zvimwe chetezvo. Zvirokwazvo. Dhiyabhore akabhabhatidzwa pakabhabhatidzwa Judhasi. Dhiyabhore akabuda akanoparidza Evhangeri apo Judhasi akaenda kunoparidza Evhangeri. Asi dhiyabhore haana kuwana Mweya Mutsvene. Ndizvozvo. Ndipo pane Simba rakavanzika ipapo, rumuko irworwo, rinonyatsoziva zvechokwadi, pasina kana mumvuri wekupokana. Amenii.

⁸⁷ Ari pano. Mweya Mutsvene mumwe chete iyeye, Uyo wakanga uri pana Mesiya, uchiri paChechi yaKe. Haumbobvi. “Ndichange ndinemi nguva dzose, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo enyika. Ndichange ndiripo. Mabasa aNdinoita, nemiwo muchaita. Muchaita anopfura aya, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

⁸⁸ Asi nyika inozvirerutsa, “Oo, ayo mazuva akapfura!” Chaizvo izvo dhiyabhore anoda kuti uite. Vanoda kuti uite zvinoyevedza. Mwari vanoda kuti ubhabhatidzwe. Mwari vanoda kuti iwe...Unoti, “Oo, handitendi zvese izvozvo zvekungofarisa.” Pfuurira mberi urarame, pfuurira mberi ugaro muzvivi zvako, gara muzvivi zvako. Asi kusvikira waora, kusvikira waora kune pfungwa dzako, Kusvikira waora kumafashoni ako pachako, uye wovandudzwa patsva uye nokuzvarwa patsva, uye Hupenyu hutsva ihwohwo huchange hwakasiyana zvachose nehwaenda pasi.

⁸⁹ Tsanga yechibage inoenda pasi iri yeyero, yobuda iri yegirinhi. Inoenda pasi yakaomarara, yakaputirwa, inobuda ichitepuka uye ichipeperetswa nemhepo. Oo, kubwinya! Hareruya! Mhepo padzinotanga kuvhuvhuta, tsanga haigoni kuita chimwe chinhu kunze kwekuzvifambisa, kupepereka, asi katsuri kadiki—kadiki kanotambanuka uye kanofara, kokura zvino, kozvisimbisa. Haingambovi katsuri kusvikira chibage

chafa uye chaora. Kwete kufa chete; asi yaora. Haichakwanisi kudzoka zvakare, asi hupenyu hunobuda mairi.

⁹⁰ Sezvandambotaura nguva yadarika, kuberekwa chinhu chinotyisa, chinosemesa, chine tsvina, chinosemesa zvakanyanyisa, asi ndipo pane hupenyu. Kana uchizviona kuti uve tsvina, uchiona zvitendwa zvako zveMethodisti, Baptisti nePentekosti kuti zvine tsvina, wofa paartari, zvino Hupenyu hutsva hunopinda. Mweya Mutsvene unokuita kuti upinde pamusoro pazvo; unoona Mwari.

⁹¹ TichaMuwona nerimwe zuva rinobwinya. Rimwe zuva uko kusingasvikirwi nezivo yemunhu wenyama, tichaMuona. Munozvitenda here izvozvo? Rimwe zuva uko kusingasvikirwi nezivo yemunhu wenyama, ndakamirirwa neramangwana rine mufaro.

⁹² Ndakanga ndakamira kumusoro kuno pakona manheru apfuura, uye ndikafunga kuti ndakaona Rabbi Lawson mudiki. Paaimbove zasi kuno, zvino aisveverera netsvimbo yake yakare ondidhonzwa nehuro yayo, muhuro mangu netsvimbo yake, kumusoro kuno kupurupiti, uye oimba rwiyo rwuya, “Pane rakandimirira . . .” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . .? . . .

⁹³ Chimwe chinhu chakaitika! Zvakabuditsa nyika kunze. Ndakatanga kuona zvinhu zvakasiyana. Ndakanetseka zvakanyanya pamusoro pemaitiro ari kuita vanhu vemuAmerica ava, nguva nenguva, gore negore, ndichiona vakadzi nevarume kuzvidzikisira kwavari kuita uye vachipinda muchivi, kusvikira ndakapotsa ndarwara zvakanyanya, ka 2 kana ka 3, ndichinetsekana nezvazvo. Nezuro, ndakati kuna Mwari, “Handichanetseki zvachose. Shoko reNyu rakati zvichava saizvozvo. Asi ini ndichamira pamukaha ndodanidzira ndichizvipikisa, nezvose zviru mandiri.”

⁹⁴ Rimwe zuva, ndakamira paGreen’s Mill, bako rangu, kumashure-shure murenje, ndainge ndanamata zuva rose. Zvino nguva dzingaita 3 o’clock, zuva rakanga ronyura, uye ndakanga ndakamira ipapo ndakatarisa mhiri, ndakabuda mubako, ndiri pamusoro pedombo guru. Zvino ndakanga ndakamira ipapo, ndakatarisa Kumabvazuva, ndichirumbidza Ishe. Zvino ndaiona zuva richinyura kuseri kwemiti iri pamusoro pegomo, pandakatarisa mhiri kwemupata kune mamwe, uye paine miti yakawanda, yakanyarara kwazvo. Ini ndikati, “Ishe, rimwe zuva Makavanza Mosesi muhwangwadza yedombo, zvino Makapfuura nepaaiva, nokuti akanga aneta. Asi Makapfuura napo, akati ‘waiita kunge musana wemunhu.’” Ndakati, “Ndivigei muhwangwadza, Ishe.” Panguva iyoyo, kune rimwe divi rangu, kwakauya Mhepo shoma ichifamba ichidzika nomumakwenzi. Yakafamba ichiuya, ikauya ichidzika nepadivi

pangu chaipo, Mhepo shoma ichifamba ichidzika, ndokudzika nemusango. Ndakamira ipapo.

Rimwe zuva, Mwari voga vanoziva kuti
nde kupi kana kuti riinhi,
Mavhiri ehupenyu hunofa achamira ese,
Ipapo ndichaenda kundogara pachikomo
cheZioni.

Rimwe zuva uko kusingasvikirwi nezivo
yemunhu wenyama,
Rimwe zuva, Mwari voga vanoziva kuti
nde kupi kana kuti riinhi,

Chii chichaitika? Achavhara, mavhiri madiki ese aya ari kutenderera.

Mavhiri ehupenyu hunofa achamira ose,
Ipapo tichaenda kundogara pachikomo
cheZioni.

Dzika pasi, ngoro inotapira,
Iri kuuya kuzonditakura Kumusha;
Dzika pasi, ngoro inotapira,
Iri kuuya kuzonditakura Kumusha.

Kana ukasvikako ndisati ndasvika,
Iri kuuya kuzonditakura Kumusha;
Udza Hama Bosworth, neshamwari dzangu
dzose, zvakare,
Iri kungouya kuzonditakura Kumusha.

Zvino dzika pasi... (Ichadzika pasi rimwe
zuva yonditakura)... ngoro,
(Muti wese uchange uchibvira; Ngirozi
dzaMwari, ngoro yemoto)... kuzonditakura
Kumusha;

Dzika pasi, ngoro inotapira,
Iri kuuya kuzonditakura Kumusha.

⁹⁵ Rimwe ramazuva ano, rimwe ramazuva ano munguva dzakaderera dzekufa kwangu, ndinoMutarisira kuti auye. Ndizvozvo.

Ndakatarisa mhiri kweJorodhani zvino chii
chandakaona
Dziri kuuya kuzonditakura Kumusha; (SaEria
wekare akatarisa mhiri kweJorodhani.)
Boka reNgirozi dzinopenya dzichiuyira ini,
Dzaiuya kuzonditakura Kumusha.

Dzika pasi, svika pasi-pasi, ngoro inotapira,
Iri kuuya kuzonditakura Kumusha;
Dzika pasi, ngoro inotapira,
Iri kuuya kuzonditakura Kumusha.

96 Ishe Jesu, Mutyairi akaropafadzwa wengoro iyi, Mutyairi wengarava yekare yeZioni, igwa reHupenyu, achifamba achidzika nemuchivakwa, achitaura, Hupo hwaKe huri pano. Mweya Mutsvene wacho chaiwo wakaMumutsa kubva muguva uri pano.

97 Nekuda kwekuti havana kupa makadhi ekunamatirwa, pane here ani zvake pano anobva kunze kweguta, wandisingazivi, ari pano kuzonamatirwa? Simudzai maoko enyu, vandisingazivi. Simudzai maoko enyu mudenga, vandisingazivi. Imi, imi apo. Ndinotenda kuti muchinda mudiki ane ndebvu dzepamuromo kumashure uko, mumwe munhu asimudza ruoko rwake kumashure neche uko. Hongu, iwe, wasimudza ruoko rwako here? Zvakanaka. Kumashure uko, imi, changamire. Zvakanaka. Mose muri vatorwa kwandiri? Ishe Jesu vaye, Mufudzi mumwe chete weboka pano, munotenda here kuti vimbiso dzaVo ndedzechokwadi? Vanozodza chechi yaVo, uye “Mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaaita, zvakare. Kunyange makuru kune aya muchaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu. Anodarika aya!” Munozvitenda here izvozvo?

98 Masimudza ruoko kuti hamundizive here? Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza zviri mumwoyo menyu, vanogona kutaura neni sezvaVakangoita mudzimai akabata nguwo yaVo? Munotenda here kuti ndiYe Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu? Kana Mwari vakandizarurira zvinhano zvenyu, munganditenda here kuti ndiri muporofita waVo, motenda kuti Hupo hwaVo huri pano uye ndosaka Vachizvibvumira? Muri kunamatira mudzimai wenyu. Ane hudyu yakatyoka, hudyu yakasvodogoka. Ndizvozvo. Kana zviri izvo, simukai. Zvakanakai, endai munomuwana, apora. Amen.

99 Ko iwe kumashure uko, muchinda mudiki asimudza, anga ane ndebvu dzepamuromo? Unotenda nemoyo wako wese here? Unotenda here kuti Mwari vanokwanisa kundiudza matambudziko ako? Unotenda here kuti mwanakomana wako achapora? Unotenda? Une mukomana, ane cerebral palsy. Ndizvozvo. Hausi...Kubva kuKentucky. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako. Handikuzive, ndinokuziva here? Kana ndichikuziva...Simudza maoko ako sezvizi, hatizivane. Ndizvozvo. Ndiri kuvimba naMwari. Unotenda here? Sekutenda kwaunoita, wana mwanakomana wako nenzira yaunotenda nayo. Chingozviisa pamwoyo pako.

100 Ndiani apa asimudza maoko ake, wandisina—ndisina... Anga ari imi here? Zvakanaka, changamire, munonditenda here kuva muporofita waMwari? [Murume uyu anoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munodaro, nemoyo wenyu wese? Hamusungirwe kuti musimuke, chingomirai zvenyu ipapo. Zvakanaka, changamire, dambudziko renyu nderei, mune chirwere cheshuga. Uye chiri kukanganisa tsoka yenyu. Munobva kuOhio. Zita renyu

ndiVaMiller. Dzokerai kumba mundopora. Zvakanaka, tendai nemwoyo wenyu wose. Zvakanaka.

Munotenda ne...? Zvitendei. Kana muchigona kutenda!

¹⁰¹ Mudzimai akagara apa, masimudza ruoko rwenyu here? Mudzimai muhombe, akapfeka magirazi, munotenda nemoyo wenyu wese here? Munotenda ne...Munonditenda here kuti ndiri muranda waMwari? Munodaro? Zvakanaka, kana Mwari vakakwanisa kundiudza dambudziko renyu, mungatenda here? Dambudziko remoyo. Zvakanaka, simudzai ruoko rwenyu kana zviri izvo. Zvakanaka.

¹⁰² Mudzimai pano ari parutivi penyu, asimudza. Moyo; asi chaizvoizvo maziso enyu. Ndinomuziva. Zvakanaka, kana muchigona kutenda!

¹⁰³ Kumashure uko, murume anotevera wacho kumashure uko ane dambudziko remoyo, zvakare, nechirwere cheganda. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Munotenda, changamire?

¹⁰⁴ Pane murume kumashure uko pane imwe nzvimbo, asimudza maoko ake anga asina... VaSchubert. Zvakanaka, changamire. Zvakanaka, munotenda here? Ndezvemaziso enyu, zvakare, handizvo here? Muri kunamatira amai venyu vagere uko, zvakare. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Tiri vatorwa. Ndizvo here? Kwazisai ruoko rwenyu, kwazisanai neruwoko rwenyu. Zvakanaka, ndizvozvo. Kana muchikwanisa kutenda, munogona kugamuchira!

¹⁰⁵ Jesu Kristu akamuka ari muchivakwa. Ndiye Mumwe chete. Chii chaZvinoita kwauri? Wakarega nyika ichikwekweta simba rose kubva mauri here? Kubwinya! Ndinoda kuberekwa patsva! Ndinoda Hupenyu hutsva! Handina basa kuti Hunouya sei, kana ndichifanira kuva muumburuki mutsvene, chero chii zvacho. Handina basa kuti Uchaya sei, ndinoda Mweya Mutsvene chaiwo seuri pandiri zvino. Ndinoda kuUchengeta! Ndingasva hangu ndava naWo pane zvinhu zvose zvemunyika. Amen! Munotenda here? Munotenda here kuti Ari pano?

¹⁰⁶ Isai maoko enyu pane mumwe nemumwe, zvino. Ndiudzei chimwezve chinhu chaAngaita. Hapana. Ivai nokutenda zvino. Tenda kuti zvapera.

¹⁰⁷ Ishe Mwari, Musiki weDenga nenyika, Muvambi weHupenyu Husingaperi, uye neMupi wezvipo zvose zvakanaka, Mweya weNyu uri pano uchizodza kwazvo, Ishe, zvinoita sokunge chivakwa chiri kufema, chichifamba chichienda mberi nekudzoka. Sei vanhu vasingazvinzwisise, Ishe? Vaka—vakashamwaridzana nenyika zvakananyanya here, uye vakatonhora kwazvo nekuva vetsika uye vakuomarara, kusvikira vasisaKuzivei zvachose? Ishe Mwari, dai Simba iri raro va munhu wose, uye munhu wose anorwara apodzwa, mutadzi wose aponeswa, uye Mwari mowana mbiri. Kuburikidza

naJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndinozvikumbira. Amen.

¹⁰⁸ Munozvitenda here? Simudzai maoko enyu. Munogamuchira kupodzwa kwenyu here? Mwari vakuropafadzei. Zvino endai munozviwana nenzira yamunotenda nayo, zvichava saizvozvo. Ndinoona zviratidzo zvichizaruka pamusoro pevamwe. Ndizvozvo. Ndinofanira kudzoka nhasi manheru.

¹⁰⁹ Kana usingatendi zvino, hausi kuzombofa wakatenda. Ndizvozvo. Jesu akazviita imwe nguva, uye vakati, “Uri... Tinoziva kana Mesiya auya, Achatitudza izvi.” Akati, “Ndinoziva kuti Mesiya achaita izvozvo. Asi Imi ndimi Ani?”

Akati, “Ndini iYe.”


¹¹⁰ Akabva amhanyira muguta ndokuti, “Huyai, muone Murume Anga achiziva zvandanga ndiri nezvandakaita. Ko handiye here Mesiya?”

¹¹¹ Akati, “Zvinhu izvi zvichaitika zvakare mumazuva okupedzisira. Chechi ichange ichiparidza Chokwadi, Ichange yakamira paShoko. Ichange ichiita Mirairo yese yaMwari. Haizodyidzani nenyika. Uye kuburikidza nemo Ndichafamba uye ndoita zvinhu zvimwe chetezvo.”

¹¹² Asi Iye akati, “Vachave vakaoma musoro, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura Mwari, vanoputsa sungano, vapomeri venhema, vane chimiro chehumwari,” vanonamata zvikuru, vachienda kumachechi. “Vane chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho. Furatirai vakadar!”

¹¹³ Imi vanhu, kwese kwamanga muri muchechi, vaAdana izvozvi, chiratidzo chabva pandiri. Kana—kana changa chiri chokwadi, chandataura, uye ini ndisingazive izvozvo nezvenyu, simudzai maoko enyu, chero angava ani. Muchechi mose, munhu wese—wese. Zvakanaka. Maona? Handivazivi, handina kumbovaona; asi Mweya Mutsvene uri pano uye Unovaziva. Hamusi kuona here kuti handisi ini?

¹¹⁴ Teererai! Kana Vakavimba neni naizvozvo, Vachavimba neni neChokwadi cheShoko, nokuti Chokwadi chinogona kuuya chete neShoko. “Tendeukai, mumwe nemumwe, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu, kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene, nekuti vimbiso ndeyenyu nekuvana venyu, avo vari kure, kunyangwe navose avo vachadanwa naIshe Mwari wedu.” Munozvitenda here? Pachava neshumiro yerubhabhatidzo munguva pfupi inotevera.

¹¹⁵ Ngatikotamisei misoro yedu. Ndichakumbira mufundisi kuti vanamate apo vachigadzirira rubhabhatidzo. Ndinofunga kuti pane shumiro yerubhabhatidzo iri kuuya. Zvakanaka. 

59-0628M Chechi Yakanyengerwa, Nenyika
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org